



Pou Piblikasyon Imedya: 21/06/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE FINISMAN DEVLOPMAN LOJMAN 21.7 MILYON DOLA NAN PRI ABÒDAB EPI KI BAY SIPÒ POU NAN ITHACA**

***West End Heights gen 60 apatman abòdab avèk sèvis sipò sou plas nan Bilding ki efikas an enèji***

***Investisman an ap konplete "Southern Tier Soaring" – ki se estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo epi devlope ekonomi an***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse achèyman konstriksyon nan yon devlopman lojman nan pri abòdab epi ki bay sipò ki koute 21.7 milyon dola nan Ithaca. Bilding ki trè efikas an enèji ke yo rele West End Heights ofri 60 apatman, 38 ladan yo rezève pou moun ki bezwen sèvis sipò pou viv poukont yo.

"Aksè ak bon jan kalite kay, abòdab epi ki bay sipò kote Nouyòkè yo ka viv ak pwospere se yon poto mitan nan administrasyon mwen an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen fyè pou m sipòte pwojè tankou West End Heights ki ankouraje sante pèsonèl ak yon pi bon avni ki pi vèt pou New York."

West End Heights fè pati plan Gouvènè Hochul nan tout eta a pou rann lojman pi abòdab, ekite ak estab. Nan Bidjè Eta ki fèk adopte a, Gouvènè a te garanti ak siksè, yon nouvo plan lojman konplè ki koute 25 milya dola, sou senk ane, k ap ogmante apwovizyonman lojman lè li kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè New York ki enkli 10,000 ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elektrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

West End Heights se yon bilding senk etaj ak asansè ki gen 60 apatman ki gen yon chanmakouche ki toupre Washington Park. Yo te demoli senk bilding ki fin ansyen pou netwaye sit la pou nouvo bilding lan, ki gen tou espas biwo nan premye etaj la pou pwomotè a ak founisè sèvis sipò a, ki se Lakeview Health Services, Inc.

Gen senkannkat nan apatman yo pou fanmi ki ap touche 50 pousan oswa mwens nan Revni Mwayen Zòn (Area Median Income, AMI) lan ak sis apatman ki rezève pou fanmi k ap touche 60 pousans oswa mwens

Ven apatman yo mete sou kote pou moun ki pral gen aksè ak sibvansyon pou lokasyon ak sèvis sipò ki finanse pa Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York. Yon lòt 18 apatman ki finanse atravè Inisyativ Lojman Sipò Empire State (Empire State Supportive Housing Initiative) la pral sèvi ansyen moun ki sanzabri ki pral resevwa sibvansyon pou lokasyon ak sèvis adapte, tankou konsèy ak rekiperasyon anba twomatiz, ki administre pa OMH.

Ekipman yo enkli enstalasyon lesiv, yon chanm kominotè, yon zòn sal nan chak etaj, lakou, ak antre sekirize 24 sou 24. Devlopman an nan yon katye ki peatik pou pyeton ak tou pre liy otobis piblik yo, ki gen ladan ADA Paratransit, ak magazen.

West End Heights konfòme li ak pwòp Règleman Building Vèt (Green Building Policy a) Ithaca a epi li ap chèche sètifika atravè Lidèchip nan Konsepsyon Enèjetik ak Anviwònmantral (Leadership in Energy and Environmental Design, LEED) ak Pwogram Kay sètifye ENERGY STAR® Vèsyon 3.1. Fonksyon eko-enèjetik yo genyen ladan yo aparèy Energy Star ak limyè LED, fenèt, izolasyon, selaj fuit lè ak lòt mezi pou amelyore kalite lè andedan an, pwofite limyè natirèl konplètman, maksimize konfò rezidan an epi diminye konsomasyon enèji ak depans jeneral yo. Anplis ke yo pare pou kab ak entènèt, gen sistèm chofaj ak sistèm refwadisman ki bay pèfòmans eleve ki konplètman elektrik ak kontwòl endividyèl nan chak apatman.

Finansman Eta pou West End Heights gen ladan Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb ki te jenere 11.4 milyon dola nan fon pwòp ak 4 milyon dola nan sibvansyon ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. Biwo Asistans Tanporè ak Andikap (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) Eta New York la te bay 3.7 milyon dola atravè Pwogram Asistans Lojman pou Sanzabri (Homeless Housing Assistance Program, HHAP) a. Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) te bay 56,000 dola atravè Nouvo Pwogram Konstriksyon Rezidansyèl Ti Bilding (Low-rise Residential New Construction Program) lan. Community Preservation Corporation te bay 8.1 milyon dola nan finansman konstriksyon ak 1.8 milyon dola nan finansman pèmanan. Fon Devlopman Lojman Kominotè Konte Tompkins te bay 250,000 dola.

Pwojè sa a se te yon benefisyè AIA 2022 Eta New York - Excelsior Award of Merit, ki se yon prim nan tout eta a ki rekonèt ekselans nan konsepsyon nan pwojè ki finanse piblikman.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè Renouvèlman Kay ak Kominote yo, te deklare,** "West End Heights delivre bon jan kalite kay, ki efikas an enèji ke Nouyòkè yo merite pandan y ap ede avanse objektif devlopman ekonomik vil Ithaca. 60 apatman sa yo ak sèvis ki konekte ak yo gen anpil valè pou rezidan yo, epi konsepsyon vèt la pral benefisye tout kominote a. Nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote, nou toujou rekonesan dèske nou gen sipò patnè angaje nou yo, ki gen konpasyon, tankou Lakeview Health Services, ak Gouvènè Hochul, ki montre chak jou ke li anbrase valè a lojman n ap ofri a - pou moun, kominote a ak pou Eta a."

**Komisè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, Daniel W. Tietz, te deklare,** "Nouyòkè ki fè eksperyans ak sityasyon sanzabri yo souvan fè fas a defi ki kache ki ka agrave enstabilite lojman yo. Devlopman ki marye lojman abòdab ak sèvis sipò tankou West End Heights bay moun sa yo ak fanmi yo resous yo bezwen pou viv ak diyite nan yon anviwònman endepandan. Sipò kontinyèl Gouvènè Kathy Hochul pou pwojè ki finanse atravè Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri yo demontre gwo detèminasyon li pou adrese enstabilite lojman nan tout Eta nou an."

**Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare,** "Nou kontan wè pwojè West End Heights lan inogire nan nouvo lojman ki bay sipò abòdab ki elaji aksè ak kay ki an sante, ki efikas an enèji e ki bon pou klima pou kèk nan rezidan ki pi vilnerab nan Ithaca yo. Pwojè sa a ak lòt menm jan li demontre angajman kontinyèl Gouvènè Hochul pou redwi emisyon danjere nan bilding yo pandan y ap asire tout Nouyòkè yo de tranzisyon nan direksyon enèji pwòp la nan fason ki ekitab."

**Doktè Ann Sullivan, ki se Komisè Biwo Sante Mantal nan Eta New York, te deklare,** "Pou moun k ap viv ak rekipere anba maladi mantal, lojman sipò jwe yon wòl enpòtan. Yon kay ki an sekirite epi ki estab, ak aksè a sèvis apwopriye, ankouraje rezistans epi bay yon fondasyon ki pèmèt moun ki gen maladi mantal yo viv avèk siksè nan pwòp kominote pa yo. West End Heights pral bay bon jan kalite lojman pou kliyan ki pral ankouraje rekiperasyon ak endepandans pa yo."

**Senatè Eta a, Tom O'Mara te deklare,** "West End Heights se yon nouvo adisyon enteresan nan kominote Ithaca a. Investisman ak sipò Eta an patenarya ak Lakeview Health Services pral amelyore yon fason konsiderab lojman ki an sekirite ki abòdab epi ki bay sèvis sipò pou anpil rezidan lokal yo, epitou yo pral ranfòse estrikti jeneral ak kalite kominote a an jeneral."

**Manm Asanble, Anna Kelles, te deklare,** "Konte a gen gwo bezwen pou lojman abòdab ak sipò. Sèvis Sante Lakeview ap bay, ki gen bon jan kalite lojman ki an sekirite ak abòdab ak sèvis konplè pandan plizyè ane. Pwojè West End Heights la pral yon avantaj pou kominote a nan yon moman kote bezwen lojman nou yo te ogmante."

**Majistra Pwovizwa Ithaca a, Laura Lewis te deklare,** "Mwen kontan dèske West End Heights te kreye 60 inite lojman abòdab ak plis pase mwaye nan inite yo rezève pou moun ki bezwen sèvis sipò pou viv poukont yo. Sa a se yon avantaj pou kominote nou an. Mwen vle remèsye Pwogram Kredi Enpo Federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb la, Inisyativ Lojman Sipò Empire State, Pwogram Opòtinite Lojman Sipò Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, Pwogram Asistans Lojman pou Sanzabri, Biwo Sante Mantal Eta New York, Fon Devlopman Lojman Kominotè Konte Tompkins, Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Pwogram Konstriksyon Rezidansyèl Ti Bilding Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Pwogram Konpayi Kominote Vèt (Enterprise Green Communities Program) ak Lakeview Healthcare Services paske yo rekonèt ki jan li enpòtan pou bay rezidan ki pi vilnerab

nou yo lojman nan yon anviwonman ki an sekirite epi ki bay sipò ki pre yon seri resous ak opòtinite travay."

**Prezidan Lejislati Konte Tompkins Ian, Shawna Black, te deklare,** "Mwen fyè de nouvo devlopman lojman sa a nan kominote nou an, sa a se egzakteman kalite lojman ki pral ede ebye ak sipòte kèk nan manm kominote ki pi vilnerab nou yo. Non sèlman sa pral ede rezidan ki gen revni fèb yo, men li pral sipòte tou moun ki fè eksperyans ak sitistasyon sanzabri ak alafwa lojman ak sipò kominotè. Mèsi a Lakeview Health Services ak Eta New York pou envestisman yo ak patenarya yo, sa a se yon pwojè ki bay enspirasyon ak nouvo lojman ke kominote nou an rekonesan pou li genyen."

**Direktè Egzekitif Jeneral Lakeview Health Services la, Doktè Harry Merryman, te deklare,** "Youn nan objektif prensipal nou yo se bay lojman abòdab, ki estab, epi ki an sekirite ansanm ak sèvis sipò pou moun ki nan bezwen nan kominote nou yo. Nou te anvizaje avanse objektif sa a nan Ithaca depi lontan, epi ouvèti West End Heights se reyalizasyon tanjib vizyon sa a. Nou rekonesan patikilyèman pou sipò nou te resevwa nan men vil Ithaca ak patnè ajans Eta New York nou yo: Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote, Biwo Sante Mantal, ak Kòporasyon Lojman ak Asistans pou Sanzabri. Investisman yo ak kolaborasyon yo nan konstriksyon bèl bilding sa a pral amelyore kalite lavi nan kominote Ithaca pou ane k ap vini yo."

**Patrick Miller, Ofisye Ipotèk Katye, The Community Preservation Corporation lan, te deklare,** "Pwojè West End Heights la temwanyè de pouvwa envestisman ki baze sou misyon lojman kapab genyen pou reponn ak bezwen inik yon kominote. Bèl nouvo bilding sa a pral yon ankraj pou kominote Ithaca, aji kòm yon sous vital an tèm bon jan kalite lojman abòdab ki pral bay yon anviwonman ki an sekirite epi ki bay sipò kote lokatè li yo ka viv avèk diyite ak respè yo merite. Mwen ta renmen remèsye patnè nou yo nan Lakeview Health Services pou vizyon ak angajman yo genyen anvè kominote Ithaca, Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a Visnauskas ak ekip yo pou ane patenarya yo ak CPC, ak Biwo Sante Mantal Eta New York pou travay ak sipò yo."

**Vis Prezidan Fon Ekite Nasyonal ak Direktè Rejyonal, Emily Chen te deklare,** "Misyon Fon Ekite Nasyonal (National Equity Fund) se pou bay solisyon finansye inovan ak kolaboratif pou elaji kreyasyon ak prezèvasyon lojman abòdab. Patnè tankou Lakeview Health Services te montre anpil kreyativite ak angajman pou entegre lojman sipò pandan y ap satisfè bezwen jeneral lojman abòdab. Patnè nou yo nan nivo ajans Eta a te entegral nan fè West End Heights vin yon reyalite pou rezidan li yo ak kominote a."

### **Akselere Southern Tier Soaring**

Anons jodi a vin konpleman pwojè "Southern Tier Soaring", ki se plan direktè global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik ki djanm ansanm ak devlopman kominote a. Plan ki fèt nan nivo rejyonal la konsantre sou atire yon mendèv ki plen talan, grandi biznis yo ak estimile inovasyon. Kounye a, rejyon an ap akselere Southern Tier Soaring lan gras ak yon envestisman 500 milyon dola Eta atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon

Nò (Upstate Revitalization Initiative) a. Envestisman 500 milyon dola Eta a ap ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – e plan rejyon an, jan li soumèt la gen pwojè pou plis pase 10,200 nouvo djòb. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418